



# KABUDAYAAN SUNDA

## Silabus



H.W. Setiawan, M.Sn. |  
2010





# Déskripsi

Ieu kuliah téh pangjurung kana metakeun tarékah enggoning ngajembaran tur ngajeroan ulikan ilmiah kana rupaning aspék kabudayaan Sunda (manusana, alamna, katut ajén-inajénna) kiwari kalawan niténan kasang tukang kasajarahana. Dina ieu kuliah bahasan baris nyindekel dina pentingna ulikan anu leuwih jembar tur leuwih nyosok jero ngeunaan masalah-masalah poko kabudayaan Sunda.

## Tujuan Umum

Sarérésna ieu kuliah, urang dipiharep:

- Haat ngabéjérbéaskeun masalah-masalah poko kabudayaan Sunda kiwari;
- Kajurung pikeun ngayakeun ulikan atawa panalungtikan anu leuwih jembar tur leuwih nyosok jero ngeunaan rupaning aspék kabudayaan Sunda.

## Tujuan Husus

Nyusun éséy atawa makalah ilmiah ngeunaan kabudayaan Sunda, dumasar kana hasil panalungtikan, boh panalungtikan kapustakaan boh panalungtikan lapangan.

# Matéri 1

**Karep ilmiah urang Sunda enggoning ngulik kabudayaan Sunda:** ngabahas kasang tukang nguniangna karep urang Sunda sabada Perang Duna II pikeun ngayakeun studi kana kabudayaanana sorangan; idéntifikasi tokoh-tokoh cendekiawan Sunda nu ageung katineungna kana studi Sunda katut kontribusina; nataan rupaning widang ulikan nu salila ieu jadi bagian tina studi Sunda umumna (ti mimiti filologi tepi ka sastra); idéntifikasi rupaning tarékah ngalembagakeun studi Sunda salila ieu boh di lingkungan universitas boh di luareun lingkungan universitas; nataan hasil-hasil studi Sunda nu salila ieu geus kahontal tur widang-widang studi Sunda nu salila ieu tacan kagarap. (AR)



# Matéri 2

**Sumber-sumber kaweruh ngeunaan kabudayaan Sunda, boh nu buhun boh nu mutahir:** ngabahas pentingna tradisi lisan (*carita pantun*, folklore Sunda, dsb.), pon kitu deui manuskrip katut prasasti minangka sumber kaweruh ngeunaan kabudayaan Sunda Kuna; ngabahas pentingna buku-buku basa Sunda minangka réferensi koléktif ngeunaan kabudayaan Sunda, pangpangna tumali kana aspék-aspékna nu mutahir; ngabahas pentingna tarékah ngali deui warisan kabudayaan Sunda Kuna sarta pentingna ngabeungharan réferénsi koléktif ngeunaan kabudayaan Sunda pikeun kapentingan masarakat Sunda kiwari. (HS)

# Matéri 3

**Basa katut Sastra Sunda minangka médium kaweruh koléktif ngeunaan kabudayaan Sunda: ngabahas sakumaha pentingna téks pikeun kabudayaan Sunda; ngabahas tumuwuhna katut mekarna (atawa ligarna?) basa Sunda ti mangsa ka mangsa; ngabahas rupaning tarékah enggoning miara tur ngamekarkeun basa katut sastra Sunda; (HS)**

# Matéri 4

**Pikahareupeunana Ulikan Sunda:**  
proyéksi kana hanca gawé atawa bahan  
garapan sing sakur nu aya karep ngulik  
kabudayaan Sunda ka hareupna;  
ngabahas pentingna ngalembagakeun  
ulikan Sunda; ngabahas pentingna  
régenerasi dina ulikan Sunda; jsté. (AR)

# Agénda Minggon

Minggu	Jejer Kuliah	Bahasan
1	Karep Ilmiah Urang Sunda dina Ngulik Kabudayaan 1	Kasang tukang nguniangna karep urang Sunda sabada Perang Duna II pikeun ngayakeun studi Sunda; idéntifikasi tokoh-tokoh Sunda nu ageung katineungna kana studi Sunda katut kontribusina.
2	Karep Ilmiah Urang Sunda dina Ngulik Kabudayaan 2	Rupaning widang ulikan Sunda umumna; idéntifikasi rupaning tarékah ngalembagakeun studi Sunda salila ieu.
3	Karep Ilmiah Urang Sunda dina Ngulik Kabudayaan 3	Nataan hasil-hasil studi Sunda nu salila ieu geus kahontal tur widang-widang studi Sunda nu salila ieu tacan kagarap.
4	Sumber-sumber Kaweruh Ngeunaan Kabudayaan Sunda 1	Pentingna tradisi lisan ( <i>carita pantun</i> , folklore Sunda, dsb.), pon kitu deui manuskrip katut prasasti minangka sumber kaweruh ngeunaan kabudayaan Sunda Kuna.
5	Sumber-sumber Kaweruh Ngeunaan Kabudayaan Sunda 2	Pentingna buku-buku basa Sunda minangka réferénsi koléktif ngeunaan kabudayaan Sunda, pangpangna tumali kana aspék-aspékna nu mutahir.
6	Sumber-sumber Kaweruh Ngeunaan Kabudayaan Sunda 3	Pentingna tarékah ngali deui warisan kabudayaan Sunda Kuna sarta pentingna ngabeungharan réferénsi koléktif ngeunaan kabudayaan Sunda pikeun kapentingan masarakat Sunda kiwari
7	Basa & Sastra Sunda minangka Medium Kaweruh Kolektif 1	Pentingna téks dina kabudayaan Sunda
8	Basa & Sastra Sunda minangka Medium Kaweruh Kolektif 2	Tumuwuhna katut mekarna (atawa ligarna?) basa Sunda ti mangsa ka mangsa.
9	Basa & Sastra Sunda minangka Medium Kaweruh Kolektif 3	Rupaning tarékah enggoning miara tur ngamekarkeun basa katut sastra Sunda.
10	Pikahareupeunana Ulikan Sunda 1	Hanca gawé atawa bahan garapan sing sakur nu aya karep ngulik kabudayaan Sunda ka hareupna.
11	Pikahareupeunana Ulikan Sunda 2	Pentingna ngalembagakeun ulikan Sunda.
12	Pikahareupeunana Ulikan Sunda 3	Pentingna ngalembagakeun ulikan Sunda
13	Tingkesanana kuliah minggon	Nyindekkeun gurat badagna sakur bahasan samemehna.



# Téks nu Dianggo



## Téks anu Poko

- ⦿ *Kebudayaan Sunda; Suatu Pendekatan Sejarah* (Jilid I & II) yasana Edi S. Ekadjati (Pustaka Jaya, 2005);
- ⦿ *Prosiding Konferensi Internasional Budaya Sunda I* (Jilid I & II) yasana Ajip Rosidi (ed.);
- ⦿ *Manusia Sunda* yasana Ajip Rosidi (Kiblat, 2010);
- ⦿ *Sundanese Print Culture and Modernity in 19th Century West Java* yasana Moriyama Mikihiro (SUP, 2005)

# Téks nu Dianggo

## Téks Tambahanana

- ⦿ *Three Old Sundanese Poems* yasana J. Noorduyn dan A. Teeuw (KITLV, 2003).
- ⦿ *Culture and Imperialism* yasana Edward Said (Vintage, 1993)
- ⦿ *Understanding Culture* yasana Gavin Kendall & Gary Wickham (SAGE, 2001)
- ⦿ *Culture and Society: 1780-1950* yasana Raymond Williams (Doubleday, 1960).
- ⦿ *Redefining Culture: Conceptualizing Culture Across Disciplines* yasana John R. Baldwin (ed.) (Erlbaum, 2006)



